

## ENSKRI KOUNYE A POU 2019

# Ou ta sezi...



## fason li fasil pou jwenn yon bon plan sante ki pa koute chè.

### Nan NY State of Health w ap jwenn:

- Anpil kalite plan sante nan konpayi ki gen non komèsyal
- Ede ou peye pou plan ou chwazi a
- Plan Debaz (Essential Plan) pou moun ki pa touche ase lajan

### Li fasil pou enskri nan plan an. Mete enfòmasyon sa yo pare pou chak moun ki nan fanmi ou:

- Dat nesans
- Nimewo sekirite sosyal oswa, pou imigran legal yo, nimewo dokiman yo si ou genyen yo
- Enfòmasyon sou travay, revni, and ak asirans sante

☎ 1-855-355-5777 oswa TTY: 1-800-662-1220

🖱 [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

👤 Avèk yon moun ki pou ede ou fas-a-fas

**PLIS >**

# Plan Debaz la

Plan Debaz la bon sèlman pou anpil moun New York ki pa touche ase revni. Pou kèk moun, li koute mwens pase yon dola pa jou. Pou lòt moun, li pa koute anyen.

**EPITOU LI PA GEN FRANCHIZ**, poutèt sa plan an ap kòmanse peye pou swen sante ou touswit. Plan Debaz la ofri menm avantaj yo ak lòt plan sante yo:

- vizit doktè, tankou espesyalis
- tès doktè ou rekòmande yo
- medikaman sou preskripsyon
- swen pasyan ki entène ak swen pasyan ki pa entène nan yon lopital

Anba Plan Debaz la, kotizasyon w ap peye pou chak sèvis swen sante – kopeman ou – ap toujou ba anpil. Epi pafwa, se menm \$0.

Epi ou pa peye *anyen* pou sèvis ki la pou kenbe ou an sante, tankou egzamen woutin doktè ak egzamen depistaj.

**Enskri pou Plan Debaz la jodi a menm.  
Enskripsyon louvri pandan TOUT ANE A.**

☎ 1-855-355-5777 oswa TTY: 1-800-662-1220

🖱 [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

👤 Avèk èd gratis fas-a-fas

**Gen èd ki disponib nan lang natifnatal ou.**



NY State of Health respekte lwa sou dwa sivil Federal ak lwa eta kap aplike yo epi pa fè diskriminasyon an baz ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, seks, laj, eta sivil/fanmiy, enfimite, dosye arestasyon, akizasyon kom kriminel(yo), idantite kòm fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, karakteristik jenetik deja detèmine, sitiyaasyon nan lame, sitiyaasyon kòm viktim vyolans nan kay ak/oswa vanjans.